

Fason pou Reponn ak yon Òvèdòz Pandan Pandemi COVID-19 la

Naloksòn (Narcan) se yon medikaman ki ka ranvèse efè yon òvèdòz opiyoyid. Li mache sèlman pou opiyoyid yo, tankou ewoyin, preskripsyon pou kalman yo ak fentanyl, men li san danje pou itilize menm si opiyoyid yo pa prezan.

Prekosyon pou COVID-19 yo: Pou ou reponn ak yon òvèdòz pral mande pou ou nan yon distans ki mwens pase 6 pye de yon lòt moun pandan yon peryòd byen kout. Fè tout sa ki posib pou ou evite kontak ki pa nesèsè. Pote gan epi itilize pwoteksyon pou figi yo bay nan kit pou respirasyon atifisyèl la. Apre ou fin reponn, lave men ou ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, epi itilize yon sèvyèt dezenfektan pou men abaz alkòl sou nenpòt lòt bagay ou te touche (tankou yon telefòn), menm si ou gen gan nan men ou. Gade anba a pou etap pou ranvèse yon òvèdòz pandan COVID-19 la.

Rele fò epi Fwote Zo Biskèt la	<ul style="list-style-type: none"> Chèche si gen sentòm òvèdòz yo: Moun lan pa reyaji, respirasyon li lan oswa li sispann respire, po bouch li oswa pwent dwèt li yo dekolore, li ap wonfle oswa li ap gagare.
	<ul style="list-style-type: none"> Rele fò pou ou verifye si moun lan ka reyaji.
	<ul style="list-style-type: none"> Si li pa reponn, fwote jwenti dwèt ou yo pandan yo nan gan byen fèm monte desann sou zo biskèt moun lan (gen gan ki pa fèt ak latèks disponib nan chak kit naloksòn).
Bay Naloksòn	<ul style="list-style-type: none"> Rele 911 pou soutyen medikal. Tan pou repons ijan yo pou sèvis medikal yo gendwa pi lan akòz COVID-19 la.
	<ul style="list-style-type: none"> Bay naloksòn: <ol style="list-style-type: none"> Dekale pakè a pou ou ouvri li. Pa teste aparèy la. Rantre bouch aparèy la jis andedan twou nen moun lan nèt. Peze piston an pou ou relache naloksòn lan. Si li pa reponn nan de minit, ba li yon lòt dòz.
Sipò	<ul style="list-style-type: none"> Respirasyon atifisyèl (bouch nan bouch) ochwa. Ou kapab jwenn enstriksyon sou pwoteksyon pou figi nan kit ou a. Toujou genyen risk pou transmisyon COVID-19 menm lè ou itilize yon pwoteksyon pou figi.
	<ul style="list-style-type: none"> Metè moun lan nan pozisyon rekiperasyon (metè li kouche sou kote) nenpòt lè ou p ap itilize naloksòn oswa ou p ap reyalize respirasyon atifisyèl.
	<ul style="list-style-type: none"> Si yon moun reveye, eksplike li kisa ki te rive. Enfòmè li si li itilize dwòg 30 rive 90 minit avan efè naloksòn lan fin diminye sa p ap redwi sevraj la epi sa gendwa ogmante risk pou yon lòt òvèdòz.

Kontakte pwogram kote ou te resevwa kit ou a pou ou fè yo konnen ou te itilize li epi ou bezwen resevwa yon lòt, oswa vizite nyc.gov/naloxone pou ou jwenn enfòmasyon sou fason pou ou jwenn yon lòt kit.

Pou enfòmasyon jeneral sou COVID-19, gen ladan fason pou pwoteje tèt ou kont estigmatizasyon, vizite nyc.gov/coronavirus oswa cdc.gov/covid19. Pou enfòmasyon an tan reyèl vizite nyc.gov/coronavirus.

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

6.11.20